Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилье, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 27 (6427) 4 май 2015 с. Итни Ражаб 1436 с. Багьа 5 гъур.



НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## ГIансал рорлъулел чагIи

**29 апрелалда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул иргадулаб заседание.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас**. Гьенире къабул гьарун рукIана учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, районалъул школазул директорзаби, лъималазул ахазул нухмалъулел ва цогидалги.

Заседание рагьана районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.** Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана «Районалъул территориялда автотранспорт хьвадулел нухал ремонт гьабун къачIаялъул бугеб хIалалъул ва гьеб хIалтIи лъикIлъизабиялъе тадбиразул хIакъалъулъ». Гьеб суалалда тIасан доклад гьабуна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Гьес бихьизабуна автотранспорт хьвадулел нухал къачIаялъул, гьезие хъулухъ гьабиялъул хIалтIуде ахириял соназ цIикIкIараб кIвар кьолеб бугилан. Нухазул хIакъалъулъ суалал администрациялъул аппаратальул совещаниязда, нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ райадминистрациялъул комиссиялъул заседаниязда гьоркьор лъолилан.

Масала, федералияб программаялда рекъон АракIуни – Кьохъ нухабе хьил тIун буго, гьединго хьил тIун къачIан руго МелъелтIа, Игьали, ЧIиркъатIа, Гъоркь Инхо, ТIад Инхо росабалъе нухал, гьелго росабалъ цо-цо къватIалги. ЧIикь росулъе аслияб нухде бетон тIуна. Росулъ жанисел нухал гIатIид гьариялъе гIезегIанго хIалтIи гьабуна Килалъ. ГIатIид ва цIи гьарун къачIалел руго Хасавюрт – Кьохъ нухлул 78 – 92 километрал, ЛъаратIа – Сагъри нух. ХIисабалде босун буго гьенибе исана хьил тIезе. Нухал къачIаялъе лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго ЦIиликь, Гьарадерихъ, МелъелтIа, Аргъвани, Килалъ, ТIад Инхо, Ингишо росабазул администрацияз. «Гумбетовский ДЭП № 10» ОАОялда ва росабазул администрациязда гьоркьоб щулияб бухьен буго ва нухазда гIазу-цIад бан хадуб хIалтIи хехаб къагIидаялда гIуцIула.

Камун гьечIо гIунгутIабиги. Цо-цо бакIазда цIадалъул лъим чвахизе рахъал нухлул ракьандасан гьарун гьечIо. Хасавюрт - Кьохъ шагьранухлул 76-77



километраби ччукIун иналда хIинкъи буго. Нухазул организациялда техника басралъун буго. Жиндир заманалда сурсатал риччалел гьечIо, 1 январалде 7 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ бачIун гьечIо ДЭП № 10 ялъе Дагъавтодоралдасан.

КIалъазе вахъарав «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев **ГIалимчилав ГIалимчилаевас** тIадчIей гьабуна нухал къачIаялъе ва автотранспорт хьвадизе санагIатаб хIалалда гьел чIезариялъе гьабураб хIалтIуда, дандчIвалел квалквалазда.

Заседаниялда гьединго кIалъана ОГИБДДялъул нухмалъулев **Расул Ахкубегов,** «“Сельсовет Арадирихский”» МОялъул нухмалъулесул ишал тIуралев **Абакар Шапиев.**

Заседаниялда гьоркьор лъуна цогидал суалалги. КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялде бугеб хIадурлъиялъул хIакъалъулъ информациягун кIалъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов.** ГIадамазул прописка гьабиялъе минабазул «зеленкаби» гьечIолъиялъ дандчIвалел захIмалъабазул бицана миграционнияб хъулухъалъул нухмалъулев **МухIамад Ибрагьимовас.** Сахгьариялъулгун хIухьбахъиялъул лагерразде риидалил каникулалъул заманалда лъимал ритIиялъул къагIидабазда тIадчIей гьабуна районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.** «Текама» сайтазул фирмаялъул менеджер **Халисат ХIусеноваги** кIалъазе яхъана. Заседаниялда къабул гьабуна гIадатияб хIукмуги.

## Бакъул кунчIи чIварал «Бакъ» ахикьа лъимал

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялде лъикIаб церерахьин хIадур гьабуна МелъелтIа «Бакъ» лъималазул ахалъул, тарбиячагIи **ГIайшат Абакаровалъ, АсхIарат МухIамадовалъ,** психолог **Къурмагъиз Халидовалъ.** Лъималазул ахалъул хIадурлъиялъул группаялъул гьитIичазул балагьарал разияб церерахьин букIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда. КучIдул рикIкIинеги, кьурдизеги махщел бихьизабуна гьез.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас лъикIаб къимат кьуна лъималазе ва гьел куцаразе, гьезие кумек гьабураб «Единая Россия» ВППялъул районалъул отделениялъе баркалаги загьир гьабуна. Гьеб дандеруссиналда гIахьаллъаразда бихьизабуна цогояб россиялъулазул тIадкъаялдалъун районалъул маданияб централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибировас** хIадур гьабураб «КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон» видеоролик.

## ЖамагIаталъул гIадлу кьурдаги рекIуна

29 апрелалда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул терриризмалде дандечIараб комиссиялъул данделъи. Учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, районалъул школазул директорзаби, лъималазул ахазул нухмалъулел гIахьаллъараб гьеб данделъиялда экстремизмалде, терроризмалде данде къеркьеялъул, гIадлу-низам цIуниялъул рахъалъ Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ гьабулеб бугеб хIалтIул бицана отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев **УхIумагIали Загьидовас.**

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Анищал кIочана, ярагъ борчана
-2 гьум.



ГIакълу сверизабуни, дунял кIалагъоркье ккола
-2 гьум.



Уматгере МухIамадов – КIудияб ВатIанияб рагъул кIочон тарав гIахьалчи
-3 гьум.



Щабхъадерил багьадурзабаз КIудияб ВатIанияб рагъда гьабураб гIахьаллъи ва росарал бергьенлъаби
-3 гьум.

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Камни аргванинской мечети...

**Аргванинской мечети больше ста лет. Во время Большой Кавказской войны село Аргвани было сожжено дотла. После восстановления аула была построена просторная мечеть из тесаного камня. Дерево для бревен потолка сооружения доставили вниз по реке Андийское Койсу.**

Построенное лучшими мастерами по камню и дереву здание мечети сохранилось по сей день. И в советский период мечеть функционировала, принимала прихожан.

От этого старинного строения веет дыханием времени, тесаные камни мечети – живые свидетели бурь и потрясений столетий. В данной мечети молились несколько поколений аргванинцев, здесь обрели знания и вышли в большой мир известные духовные и научные деятели.

Аргванинская мечеть – исторический памятник, наследие наших мужественных предков, источник духовности и кладезь науки.

Камни аргванинской мечети смотрят на нас, как живые глаза прошлого: то с укором, то с сожалением, то с печалью…

Аргвани – это звучит гордо! Здесь – седая древность, здесь – могилы героев Кавказской войны, здесь - следы мудира Абакар-дибира, наиба Шамхала, ученого-востоковеда Абдулатипа Шамхалова… Аргвани – одно из древних аварских поселений, полисов. Аргвани - крепость на скале, крепость духа, крепость воли и непоколебимой веры. Аргвани – классическое аварское село.

В апреле служителей слова приняли в культурно-досуговом центре муниципального образования «Сельсовет "Аргванинский"». Нас встретили очень радушно, ученики Ново-аргванинской средней школы показали сценки из фольклора, выступили со стихами Патимат Ахмедибировой и моими, стихи декламировал также и воспитанник детского сада. Атмосфера простоты и сельской идиллии царила в зале и в округе. Вспомнились строки близкого мне поэта Сергея Есенина:

Коростели свищут... коростели...
Потому так и светлы всегда
Те, что в жизни сердцем опростели
Под веселой ношею труда.

Аргванинцы, спасибо вам за праздник! Год литературы продолжается. Ему нет конца и края. Без художественного слова мир немыслим.

…Горы, горы. Снова и снова встречаемся мы, горы... «Любите свободу, как мать родную, и жизнь ваша будет прекрасной... Пусть золото и богатство вас не манят, побольше любите ущелья гор седых», - имам Шамиль.

Это нечто незыблемое, вечное. Твердь земли, опора жизни. Это основа основ. Гравитация, которая держит Мироздание. Любовь к Родине, к тем местам, где прошло твое детство, где ты читал Гомера, Шекспира, Пушкина, Гамзатова, где косил сено и сеял поля, где играл с ровесниками и где мечтал о далеком и неизведанном… Это тяга к родимым скалам, лесам, долинам… Это святое чувство дома... Родина, дом, семья – точка опоры, которая держит мир в орбите. Нет выше ценностей. Нет выше слов.

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО. КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

# Данхъал ВатІанияб рагъда

МухІамад ГІамирхІажиев

**Гьев гьавуна 1923 соналъ Данухъ росулъ. 4-го класс лъугІизегІан цІалана Данухъ росулъ, 5-абилеб классалдаса байбихьун Инхо интернаталда, Аргъванив, МельелтІа, Гъоркь Инхов цІалана.**

Фронталде учительзабиги ун цІалдохъаби тІамуна учительзабилъун хІалтІизе. МухІамад учительлъун цо соналъ хІалтІана ГІаркьухъ росулъ, хадув хІалтІана ИмангІалил росулъ. Гьенисан 1942 соналъ витІана рагъде. ТІоцеве ккана Акстаб-абулеб бакІалде. Гьенив цІалана артиллерист - наводчиклъун. ЦІали лъугІарабго ритІана Ордон абулеб шагьаралде. Гьеб шагьарги немцаздаса бацІцІад гьабун щвана Моздокалде, гьенисан Подмоздок абулеб росулъеги. Гьенисан инаго нухда бухІана машина, кьвагьана гІарадаги. Краснодар шагьар эркен гьабулаго лъукъана МухІамадги. Гьенисан ккана госпиталалде, тІокІав рагъде инеги кІвечІого комиссовать гьавун рокъове тІад вуссана. Хадув хІалтІана Гумбет районалъул ГІаркьухъ росулъ 8 соналъ учительлъун. Хадув хІалтІана Чачан республикаялъул Ножаюрт районалъул Татахи абулеб росулъ. 9 соналъ, хадув 9 соналъ хІалтІана Архъабаш хъутаналда.

## Анищал кІочана, ярагъ борчана

Чончолав Дибиров

**Рагъда гІахьаллъарал бахІарзазда гъорлъ вукІана Гумбет районалъул Данухъ росулъа Чончолав Дибировги. Гьев вукІана байбихьул класазул учитель. 1939 соналда Гъоркь Инхо 7 класс лъугІарав Чончолав, лъай босизе гьесул жигар бихьун, витІула Хунзахье учительзабазул лъагІалил курсазде.**



Гьениб авар мацІалъул дарсал нижее кьуна ЦІадаса ХІамзатил кІудияв вас МухІамадица,- ян ракІалде щвезабулаан гьес.

БагІараб Армиялда хъулухъ гьабизе Дибиров ахІула 1942 соналъул ихдал. Рагъулал ругъунлъабазда кІиго моцІалъ Бакуялдаги вукІун, гьев витІула Саранск шагьаралда букІараб гІарадачагІазул школалде. Хадуб гьес хъулухъ гьабула 55 абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялда гІарадачагІазул разведчиклъун.

Цо нухалда тушманасулгун тункагІусиги ккун, Ч. Дибиров лъукъула ва лъабго моцІалъ вегизе ккола Днепропетровск шагьаралъул госпиталалда. Сахлъаравго разведротагун цадахъ гьес Днепр г Іор бахуна, аслиял къуватал гІурул кваранаб рахъалде щвелелде. КигІан немцаз тІухьидул цІад базабуниги, ротаялъ гІурул доб цояб ргІал гьезухье биччачІо, амма камияги ккана.

КватІичІого гьесул каранда кенчІана кІиабилеб даражаялъул ВатІанияб рагъул орден.

Цо тІадккъай тІубазабулаго, гьев кІиабизеги лъукъула, амма гьес нилъеразул штабалде щвезарула къиматал баянал. Гьелъие гІоло бахІарчияв магІаруласе кьола лъабабилеб даражаялъул Рецщалъул орден.

1945 соналъул июль августалда Потстам шагьаралде ракІарарал бергьарал пачалихъазул бутІрул цІунизеги ккана гьев. Гьенив вихьана гьесда И. Сталинги. Рокъове вачІана 1946 соналъул маялда. Чанго соналъ хІалтІана школалда, росулъ колхозалъул председательлъун.

Араб гІасруялъул 60- абилел соназ хьизангун гочана Хасавюрталде. Гьениб «Юбилейный» совхозалда 28 соналъ найихьанлъи гьабуна.

**ПатІимат ГІабдурахІманова, Данухъ маданияб централъул нухмалъулей**

НАРКОТИКАЛ ХІАЖАТ ГЬЕЧІО

# ГІакълу сверизабуни, дунял кІалагъоркье ккола

**Россиялъул гІадатияб маданияталъул централда тІобитІана умумузул собрание**

**22 апрелалда Россиялъул гІадатияб маданияталъул данделъабазул залалда тІобитІана «Гьаб лъазе ккола щивав эбел-инсуда» абураб суалалда Гумбет районалъул умумузул гІаммаб собрание. Гьенире къабул гьарун рукІана районалъул школазул нухмалъулел, психологиялъул мугІалимзаби, лъималазул умумул ва цогидалги.**

Дандеруссиналда гІахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул наркоконтролалъул управлениялъул бетІерав эксперт **МухІамад Бегиевас**, Гумбет районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **АхІмад Каримовас**, наркоконтролалъул Болъихъ районазда гьоркьосеб отделалъул хІалтІухъан **АхІмад Темирхановас**.

Собраниялда гІахьаллъаразда тІоцебе бихьизабуна «ХІинкъигьечІолъиялъул территория» абураб видеофильм. МельелтІа гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабаз бихьизабуна наркоманиялъул зарал бичІчІинабулеб, наркоманасе суд гьабулеб композиция.

Къокъабго кІалъаялдалъун умумузул собрание рагьана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухІамадовас**. «Наркотиказдаса кин нилъер



лъимал цІунилел?» абураб темаялда гара-чІвари гьабуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетІерай специалист **Загьра ГІабдулаевалъ**.

Наркоманиялдаса гІолеб гІел цІуниялъе гьаризе ккола тадбиразда, гьеб XXI гІасруялъул къавудаялъул бугеб заралалъул, школазул коллективалда, умумуза церечІарал масъалабазул бицун кІалъаял гьаруна Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **ГІали ГІумархІажиевас**, ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель **Маржанат ГІалиевалъ**, районалъул централияб больницаялъул тохтур – наркологГулисат Худатбеговалъ**, ЛъаратІа гьоркьохъеб школалъул умумузул комитеталъул председатель **Нурият ГІалиевалъ**, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул балугъалъиялде рахинчІезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул инспектор **МухІамад ХІусеновас**, ДРялъул наркоконтролалъул управлениялъул бетІерав эксперт МухІамад Бегиевас, наркоконтролалъул Болъихъ районазда гьоркьосеб отделалъул хІалтІухъан АхІмад Темирхановас, районалъул жамгІияб палаталъул нухмалъулев **АхІмаднаби ГІалимирзаевас.**

Районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель АхІмад Каримовас бихьизабуна цо-цо къватІисел пачалихъаз Россиялъул халкъ къосинабизе, тІагІинабизе, унти ккезабизе хІаракат бахъулеб бугин наркомания тІибитІизабиялдалъун. Гьелдаса цІунизелъун школаз, гІадлу-низам цІуниялъул органаз, тохтурзабаз, умумуз, имамзабаз цадахъ рекъон хІалтІи хадубккунги гІуцІизе лъикІаб букІинилан.

Ахиралда Муса КъурамухІамадовас баркала загьир гьабуна гьеб кІудияб кІвараялъул дандеруссиналда гІахьаллъарал МухІамад Бегиевасе ва АхІмад Темирхановасе. Бихьизабуна гьединал собраниял Дагъистаналъул цогидал районаздаги тІоритІулел ругилан, школазул нухмалъулезде хитІаб гьабуна школаздаги умумузул гІаммал собраниял тІоритІеян «Гьаб лъазе ккола щивав эбел-инсуда» абураб темаялда.

**КъурмагЪиз ХІадисова**

КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# Лъанлъариса бахІарзал

**ГьитІинабго Лъанлъари росулъа КІудияб ВатІанияб рагъде ана 12 гІан чи. Кьалул байданалда хутІана 7 чи. Гьел ккола Каримула ГІалигъалбацІов, Сахрудин ХІажиев, МухІамад ХІажиев, Ибрагьим Исрапилов, Малачи Сайпулаев, Баратилав Сайпудинов, МухІамад Пазиев.**

**Рагъдаса тІад руссана УхІума Жамалудинов, МуртазагІали Загьалаев, Пирав МухІамадов, МухІамад Сайпилаев.**

### УхІума Жамалудинов

УхІума ахІана багІараб армиялде. Хъулухъ гьабуна Хунзахъ Атаевасул армиялда. Гьенисан УхІумаги, ИчичІалиса ХІусенги ва гьезда цадахъ рукІаралги ритІула Чачаналъе рохьахъ рахчарал гьачагъал ккезе.

1941 соналда рагъ байбихьарабго ана рагъде. ГІахьаллъи гьабула Белоруссия эркен гьабиялъе гІоло рагъда ва гІахьаллъула Румыниялде щвезегІан рагъаздаги. Лъукъула ункъо нухалъ. КІудияб ВатІанияб рагъда бихьизабураб бахІарчилъиялъе гІоло гьесие щун буго чанго медалал ва орденал.

1956 соналде щвезегІан хІалтІана Унсоколо милициялда. Хадув хІалтІана колхозалъул вехьлъун, хъизан ГІащат УхІумаева доярклъун. ГІезаруна лъабго васги, кІиго ясги. УхІума хвана 1974 соналъ.

### МуртазагІали Загьалаев

1942 соналда тушманасдаса ВатІан цІунизе ана МуртазагІали. Гьесул гІагарлъиялда лъаларо рагъ лъугІинегІан, рагъда гІахьаллъи гьаби гурони, киб-киб гьес рагъда гІахьаллъи гьабурабали. Гьев ккун вуго асирлъуде. Асирлъудаса эркен гьавун хадув, жиндиего бокьун хІалтІизе ана Сумгаиталде заводалде. Гьенив гІемер соназ хІалтІула цехалъул нухмалъулевлъун. Гьениб гьабула хъизан.

Хвана 66 сонил гІумруялда 1982 соналда.

### ГІабдула Загьалаев

ГІабдула армиялде ана 1939 соналда. Гьев ва гьесда цадахъ рукІарал Тихорецкиялдаса нахъруссинарун руго ВатІаналде тІаде тушман кІанцІунин телеграмма бачІун бугилан. ТІокІаб щиб ккарабали лъаларо. Гьесда цадахъ армиялда рукІаразулги щивго нахъ вуссинчІо. Гьединго гІагарлъиялда лъалеб гьечІо МухІамад ХІажиев, Баратилав Сайпудинов, Каримула ГІалигъалбацІов, МухІамад Пазиев, Ибрагьим Исрапилов кир рагъарал ва кир тІагІаралали.

1941 соналда рагъде ун вуго ХІажиев Сахрудин. Гьесул вас МухІамадица бицана эмен армиялде унеб мехалъ жиндир цо сон букІун бугин. Анлъго моцІалдасан эбелги хун йигин. ГьечІо инсул суратги. Лъаларо кив эмен вагъарав ва кив тІагІаравали.

### Пирав МухІамадов

Пирав, Унсоколо райкомиссариаталъ 1942 соналъул 15 февралалда ахІана тушманасдаса ВатІан цІунизе витІизе. ГІахьаллъи гьабула Купишовоялда рагъулъ. Гьенив лъукъула ва госпиталалде витІула. Рагъдаса тІад вуссун вачІана 1946 соналда, хІалтІана колхозалда. Гьабулаан пахьул кьебелъиги. Руго 4 яс ва цо вас. Пирав хвана 1986 соналда.

**ХІажимурад Шамилов,**
**Лъанлъари маданиябгун хІухьбахьиялъул централъул нухмалъулев**

КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ -70 СОН

# Уматгере МухІамадов – КІудияб ВатІанияб рагъул кІочон тарав гІахьалчи

**Уматгере МухІамадов гьавуна 1902 соналъ Гумбет районалъул МелъелтІа росулъ. КІудияб ВатІанияб рагъде гьев ана 1941 соналъул 29 июналъ.**

МухІамадовас бицунаан рагъда хварал чагІи гурелги, сахлъиялда щаклъи ккарал чагІиги хвелелдего рехханаанин донкІинире. КІудияб донкІ букІунаанила тракторалъ бухъараб – гьенире рехханаанила гьел, цинги рухІ бахъизегІан угьи-зигаралда рукІунаанила, цо-цо лъукъарал госпиталаздеги рачунаанила.

«Гьанир хварал чагІазухъ щибизе нуж гІодулел, базе мусруги щварал, лъезе хобги щварал – доба рагъда бихьаралде дандеккун», – ян абулаан Уматгереца.

Рагъул заманалъ Уматгере МухІамадов хІалтІана ярагъ гьабулеб заводалда Тула шагьаралда. Рагъ байбихьун чанго сон ун хадуб отпускги кьун витІана рагъдаса рокъове. Рокъове щвелелде гьесул чІужуги, лъимерги, эменги хун ратана. Рокъоб моцІги бан цІидасан рагъде унаго МухІамадов росдал Советалъул ва колхозалъул нухмалъулез виччан гьечІо гьениве. Росдал боцІуде



витІизе чиги гьечІого, боцІи хьихьизе чІезавун вуго. Гьесул киналго документалги хутІун руго живго хІалтІула вукІараб рагъулаб заводалда.

Рагълъуг Іун хадуйячарай лъади Чамарсаг Батирмирзаевалъ бицуна рагъул заманалъ ва рагъ лъугІун хадуб кумек хІисабалда щолаанила дагьал продуктал, гьанал ва нахул кесек. Цо-кІиго соналдасан нигІматал кьезего кьечІила. Гьел кьолел списокалдаса нахъе яхъун ятанила рагъул гІахьалчиясул хъизанин абураб кумек щолароанила. Уматгере МухІамадовасе КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босун 30, 40, 60 сонал тІубаялъул юбилеялъул медалал щвана. Колхозалъул нухмалъулесул гІайибалдалъун документалги заводалдаго хутІана, хІукуматалдасан рагъул гІахьалчагІазе щвезе кколеб букІараб кумекги щибго щвечІо МухІамадовасе 67 соналъ.

Гьесул вас ГІалиасхІаб МухІамадовас дагьал сонал цереккун военкоматалдасан архивалде запросалги ритІун, батун бугоан Уматгере рагъде витІун вукІараб ва гІахьаллъараб хъвайхъвагІай. Гьезда рекъон гьев КІудияб ВатІанияб рагъда гІахьаллъун вукІанин абураб документ кодобе щвана. Гьанибго абизе бокьун буго, МухІамадов Уматгере МухІамадовичасул цІар хъваян рагъул гІахьалчагІазда гьорлъ ва МелъелтІа росулъ бугеб монументалдаги. Уматгере хвана 1998 соналъул 17 декабралда.

**Раисат МухІамадова**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Щабхъадерил багьадурзабаз КІудияб ВатІанияб рагъда гьабураб гІахьаллъи ва росарал бергьенлъаби

**ГьитІинабго Щабдухъ росулъа ВатІан цІунизе къватІире рахъана ва рагъда гІахьаллъана 41 чи. Гьездасан нахъ руссинчІо 24-ял. Гьезул цІикІкІарасел араб бакІ лъачІого тІагІаразда гьоркьор руго жегиги. Бокьун буго рагъдаса тІад руссараз гьениб гьабураб гІахьаллъиялъул бицине.**

**ГІабдулхІамид ШайихмухІамадов** - 1942 соналъ бокьун армиялде арав, лъабго моцІил хІадурлъиялдаса хадув рагъде витІарав, Сталинградалъул фронталде ва Сталинград фашистаздаса эркенлъи гьабиялъулъ гІахьаллъи гьабурав. Сталинградалдаса хадув БакътІерхьул Украиналъул фронталде ккарав ва Житомир, Радомышль шагьарал эркен гьариялъулъ гІахьаллъарав. Радомышль шагьаралда гьабулеб рагъулъ лъукъун госпиталалде ккарав, сахлъун хадувги цІидасан рагъдеги ун, Румыния, Австрия, Венгрия немцазул оккупантаздаса эркен гьариялъулъ гІахьаллъарав, рагъ Венгриялда лъугІарав.

Рагъда бихьизабураб бахІарчилъиялъе гІоло щун руго гьесие гІемерал шапакъатал: 18 орден – медаль, гьезда гьоркьор: ВатІанияб рагъул орден, «Верд босиялъе гІоло» «Германиялда тІад бергьенлъи босиялъе гІоло» медалал ва цогидал.

Рагъдаса тІад вуссун хадув ГІабдулхІамид хІалхьуда чІечІо, хІалтІана росулъ батІи-батІиял ишазда: колхозалъул председательлъун, Советалъул председательлъун, хадув секретарьлъунги. Кинал ишазда вугониги, гьес бихьизабуна бажари ва ритІухълъи.

Гьесул буго кІудияб хъизан, кьуна киназего лъикІаб тарбия ва хІалтІулел руго Республикаялда батІи-батІиял жавабиял ишазда. ГІабдулхІамид жегиги лъикІаб сахлъигун мустахІикъаб хІалхьиялда вуго МахІачхъалаялда.

**МухІамад Мурадов** - 1939 аб. соналъ армиялде ахІарав, хъулухъ гьабизе Дубно шагьаралде БакътІерхьул Украиналъул хасаб рагъулаб округалъул 20 аб. гвардиялъулаб артиллериялъул бригадаялде ккарав, гьенисанго рагъде арав ва лъукъун госпиталалде ккарав ва гьелдаса хадув, рокъове тІад вуссарав.

Рокъове тІад вуссун хадувги хІалхьиялда чІечІого росдал батІи-батІиял ишазда хІалтІарав, кІудияб хъизаналъул эмен, гьабсагІат нилъгун гьечІев.

**ШагІман Ордашов** - 1942 аб. соналъ армиялде ахІарав, рагъда Белгородалда гІахьаллъарав, вагъулаго Чехословакиялдеги щун 1944 с. гьенив лъукъарав ва госпиталалде ккарав, 1945 аб соналъ 1 аб. группаялъул инвалид хІисабалда рокъове тІад вуссарав «ВатІанияб рагъул орден», «БахІарчилъиялъе гІоло» медаль ва гІемерал цойги шапакъаталги ругев.

Инвалидин чІечІого жигараб гІахьаллъи гьабуна гьес росдал ишазулъ, гІемерал соназ гьабуна росдае дибирлъиги, гьабсагІат нилъгун гьечІев.

**Ахъбердилав Шахтимиров** - 1940 с. армиялде ахІарав, Владивостокалда кьвагьдохъабазул курсалги лъугІизе гьарун, кьвагьдохъабазул полкалда БакътІерхьул Украиналда рагъда гІахьаллъарав ва Польшаялда немцазе пленалъеги ккун, Германиялде рачун унаго нилъеразго эркен гьавурав. Пленалъе ккезе чІей гІайибалъеги гІунтІизе гьабун, туснахъалде витІарав. Хадуб, гІайиб гьечІолъи чІезеги гьабун, «Германиялда тІад бергьенлъи босиялъе гІоло» рагъ лъугІун 50 сон тІубаялъул медалги щварав.

ТІад вуссун хадув хІалтІана батІибатІиял ишазда: колхозалъул складалда, росдал тукада, ахирал къоязде щвезегІан гьабуна росдал мажгиталда будунлъи. Киналго ишазда хІалтІана ракІбацІцІадго.

**ХІосен ГІумаров** - 1940 с. армиялде ахІарав, рагъул заманалда минометный 120 аб. полкалда Крым, Латвия, Литва, Польша эркен гьариялъулъ гІахьаллъи гьабурав, рагъулал орденалгун ва медалалгун 1945 аб. соналъ рокъове тІад вуссарав («ВатІанияб рагъул» орден, «БахІарчилъиялъе гІоло» ва цогидал медалал.)

Рагъдаса хадусел соназ росулъ учительлъун, Советалъул ва колхозалъул председательлъун хІалтІана, гьабсагІат нилъгун гьечІо.

**НурмухІамад Нуридинов** - 1909 с. гьавурав, 1941 аб. соналъ армиялде ахІарав, араб бакІ лъачІого тІагІаразда гьоркьоб цІаргун, гьениса нахъ вуссинчІев.

**МухІамад Юсупов** - 1909 аб. соналъ гьавурав, 1941 аб. соналъ рагъде ахІарав, араб бакІ лъачІого тІагІаразда гьоркьоб цІаргун, гьениса нахъ вуссинчІев.

**ГІабдула Вашалаев** - 1939 аб соналъ армиялде ахІарав, гьебго соналъ финазулгун рагъулъги, хадуб КІудияб ВатІанияб рагъдаги гІахьаллъи гьабурав. Рагъ байбихьизегІанги, цинги рагъдаса хадубги росдал жавабиял ишазда хІалтІарав. Колхозалъул председательлъун хІалтІулаго нагьагьаб балагьалдалъун нилъедаса ватІалъарав.

**Пахродин ГІабдулатІипов** - 1943 с. гІарзаги кьун армиялде арав, Украиналда рукІарал рагъазулъ гІахьаллъи гьабурав, Тернополь эркен гьабулаго немцаз сверун ккведал, рохьазде партизанахъе нух бахъизе кІун, гІемераб заманалда партизаналгун цадахъ немцалгун вагъарав ва «ВатІанияб рагъул» орден щварав.

Ахиралдаги пленалъеги ккун, гьениб ункъго моцІги бан, гІемераб гІакъубаги бихьун рокъове тІад вуссана, гІемерал соназ хІалтІана росолъ почалъул отделениялъул нухмалъулевлъун, гьабсагІат нилъгун гьечІев.

**ХІамзатхІажияв МухІамадов** - 1939 соналъ армиялде ахІарав, полкалъулаб школаги лъугІизабун Ростовалда рагъда гІахьаллъарав, гьенивго пленалъеги ккун вукІун, лъутун нилъерахъего нухги бахъун, хадувги рагъазулъ гІахьаллъарав, взводалъул командирасул кумекчилъун хІалтІарав, сержант, ПТОялъул (танкабазде дандечІараб ярагъ) командир, рагъдаса хадув росолъ жавабиял ишазда хІалтІарав, гьабсагІат нилъгун гьечІев.

**АхІмад Дибиров**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЧІорги речІчІана, хІободеги ххарана

**Росдал гІолилазул цолъиялъул къо**

**26 апрелалда Гумбет районалъул Килалъ росулъ тІобитІана росдал гІолилазул цолъиялъул къо» абураб диниябгун культурияб ва спортивияб мажлис. Гьеб тІобитІана ва гІарцулаб кумек гьабуна 1996 соналъ Килалъ гьоркьохъеб школа лъугІараз. Гьединал тадбирал щибаб соналъ тІоритІи гІададатлъун лъугьун буго Килалъ.**

Росдал администрациялъги гьабуна мажлис тІобитІиялъулъ жигараб гІахьаллъи.

Мажлис байбихьана мавлид ахІиялдалъун. Баркиялъулаб кІалъай гьабуна 1996 соналъ Килалъ школа лъугІаразул тІоцевесев учитель ва классалъул нухмалъулев **Шамил МухІамадовас**. Выпускниказул рахъалдасан кІалъай гьабуна ГІарабазул улкабазда Дагъистаналъул бусурбабазул Духовнияб управлениялъул вакил **Шигьабудин ХІусейновас**. Классцоязул рахъалдасан гьес баркала кьуна гьеб тадбиралде хІадурлъиялъулъ ва тІобитІиялъулъ гІахьаллъаразе.

Мажлисалда кІалъазе вахъарав районалъул имам **ГІабдулагь-хІажи Закариаевас** баркала загьир гьабуна гьеб тадбир тІобитІарал Килалъ росдал гІадамазе ва бихьизабуна гьединал данделруссиназ гІолилазе рухІияб ва лъикІаб тарбия щвеялъе, адабалде ругьунлъиялъе квербакъулин.

Мажлисалде рачІаразе баркала кьуна «Село Килятль» росдал поселениялъул администрациялъул бетІер **НурмухІамад ГІизудиновас.** Росдал администрациялъул рахъалдасан грамотаби кьуна спонсорлъиялъулаб кумек гьабуразе.

Хадуб байбихьана торгІо хІаялъул, мини-футболалъул, рекериялъул, гиря рехиялъул, чІорбутІалъ речІчІиялъул, хІободе ххариялъул, эркенаб гугариялъул, теннис хІаялъул ва цогидалги къецал. Гьенир бергьаразе кьуна грамотаби, гІарцулал сайгъатал.

2016 соналъ гьединабго тадбир тІобитІизе тІаде босана 1997 соналъ Килалъ гьоркьохъеб школа лъугІараз.

**Гумбет «РИО»**

КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

# Калашниковги Шмайссерги

**КІудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялда хурхун Гумбет районалъул лъималазул творческияб рокьоб тІобитІана техническияб ва декоративниябгун прикладнияб творчествоялъул кружоказул лъималазда гьоркьоб выставка – конкурс. Гьениб призалъулал бакІал щварал лъималазул хІалтІаби ритІана, бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялда хурхун, тІобитІараб республикаялъулаб конкурсалде.**

Гьенир бергьарал лъималазе щвана ДРялъул лъайкьеялъул ва гІелмуялъул министерствоялъул, республикаялъул гІелмиябгун техническияб централъул рахъалдасан дипломал ва грамотаби.

Гьениб, МелъелтІа гьоркьохъеб школалда цебе гІуцІараб «Бисероплетение» кружокалъул гІахьалчІужу, 5 классалъул цІалдохъан ПатІимат Расуловалъ кку-на кІиабилеб бакІ ва щвана кІиабилеб даражаялъул диплом (кружокалъул нухмалъулей **Зарият ГІумараъаева**).

ЦІиликь школалда цебе гІуцІараб техническияб творчествоялъул гІахьалчагІазе батІи-батІиял тІагІелазе щвана кІиабилев ва лъабабилел бакІал ва дандрекъон кколел дипломал. «Шмайссер» автоматалъул макеталъе щвана грамота (кружокалъул нухмалъулев **Мавлидин ГІусманхІажиев.**

Грамотаби щвана МелъелтІа аслияб школалда цебе гІуцІараб кружокалъул гІахьалчагІи **Марьям МухІамадгІалиевалъе ва Хадижат МухІамадовалъе** (кружокалъул нухмалъулей **Шагьзадай Юсупова**).

**Заира Базарганова, ДДТялъул нухмалъулей**

МАХІУ БЕКАНИГИЦИН, МАГІАРУЛАВ РЕКЪДИЧІО

# ЧІиркъатІа больницаялда дараби гІолел гьечІо

**Дун ЧІиркъатІа участковияб больница рагьаралдаса чанго нухалъ вегизе ккана гьенив. Гьенив сахлъизеги гьавуна. Дун сах гьавиялъул гуреб дие бицине бокьун бугеб, гьениб больницаялда бугеб ахІвал-хІалалъулин. ЛъагІелалъ цебе байбихьана больницаялда ремонт гьабизе, Санкт-Петербургалда йигей цо гІаданалъул кумекалдалъун. Кутакалда лъикІ къачІан буго больница. Гьенир хІалтІулел ругел тохтурзаби ва сестраби унтаразе хъулухъалъе лъикІал руго. Дица цонигиясул цІар хъвалеб гьечІо, цоял хъван цоял хъвачІого телел гІадал гьел гьечІо. Шагьаралда больницаялда вегизе ккарасда лъала, ЧІиркъатІа больницаялда вегараб мехалъ гьезул лъикІлъи.**

Дараби рукІунищин больницаялдайин гьикъани рукІуна, амма... Диде цо чияс абуна Москвалдаса МахІачхъалаялдего рачІунарила сахал дараби, рачІарал МахІачхъалаялдаса районазде кьоларила, районалде рачІарал участкаялъул больницабаздеги кьолел ратилищила.

Ругел гІунгутІабазда гІайиб чІвазе кІолел гІадамал гьанже гьечІо. ГІайиб чІваларедухъ хІалтІулел гІадамалги гьанже къанагІат руго. Бокьани бетІерав врачасул гьунар букІа, яги жалго хІалтІухъабазул гьунар букІа, гьабсагІаталда лъикІаб ахІвал-хІал буго ЧІиркъатІа участкаялъул больницаялда. Аллагьас кьурав кьеги гьезие гьедин хІалтІизе.

**Бияхъай МухІамадов**

ГЬИТІИНАБ КІВАХІАЛЪУЛ -КІУДИЯБ ЗИЯН

# ЦІа ккеялдаса цІуни – щивасул налъи




**ХІурматиял районцоял! Ихдал хІинкъи букІуна цІа ккеялъул, хасго цІадал рачІолъиялъ, регьел дагьаб гьава-бакъ бугони, ахакь, пастІабахъ чІахІ-кул бухІани, хІеталда цІа лъуни. ТІаде щолеб буго КІудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялъул байрам. Хинлъарал, роцІарал къояз гІадамал къватІире рахъуна цІияб гьаваялда хІухьбахъизе. ЦІа свинабичІеб бухІунхутІ гІодобе рехани, араб соналъ букІараб бакъвараб харида цІа рекІуна. Гьеб гьутІбузде бахине, цІикІкІараб бакІ бухІиялъул хІинкъи ккезабизе бегьула.**

ХІухьбахъиялда рукІаго цІа ккани, нужерго гІумруялъеги хІинкъи букІуна. Гьединлъидал тІуразаризе ккола хІинкъи гьечІолъи цІуниялъе гьал хадур рехсарал шартІал: цІа свинабичІого бухІунхутІ, гІучІ гІодобе рехуге, бакъвараб хералда цІа лъоге, хасго гьури бугеб мехалда, цІа баке гІицІго гьелъие бихьизабураб бакІалда. ХІажалъи ккечІого цІа бакуге, бакун бугони, нахъе унаго свинабе, рахъуялде тІаде ракь бай. ЦІорол кесекал гІодоре рехун тоге, гьелда речІчІарал бакъул чІораздасанги ккезе бегьула цІа. ХІухьбахъи гьабизе унаго, цадахъ росе цІа свинабиялъе хІажалъулел ведро, бел, лъим.

Законалда рекъон, рохьоб, рохьил рацІалъиялда цІа ккеялдаса цІуниялъул къагІидаби цІуничІони, жавабчилъиялде цІала. ГІакІаби тІадкъотІула административиял къагІидаби хІалтІизарун. Щивав чияс цІа ккеялдаса цІуниялъул къагІидаби цІунани, талихІ къосинал ккеялда хІинкъи букІунаро.

Нагагь кумекалде хІажалъи ккани, хех ахІе МелъелтІа пожарнияб частalde гьал номеразде: 01, 101, 55-17 – 85, 26 – 489.

ВЕК ЖИВИ, ВЕК УЧИСЬ

# Профессиональное информирование молодежи

**ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район» в рамках проекта «Доступная профессия» проводит профессиональные консультации и информирование инвалидов, с целью направления их на профессиональное обучение и повышение квалификации, для лиц с ограниченными возможностями, с целью адаптации на рынке труда. Для направления этих граждан на профессиональное обучение центром занятости населения составлены договора на специальности слесарь по эксплуатации и ремонту газового оборудования и электрогазосварщик.**

Окончание школы ставит подростка перед необходимостью выбора: поступать в учебное заведение для продолжения образования, начинать трудовую жизнь, либо приобретать профессиональные навыки, непосредственно в процессе работы. Для решения этих непростых задач Центр занятости населения МО «Гумбетовский район» проводит декаду профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений «Калейдоскоп профессий - 2015».

Специально к декаде Центром занятости разработан план мероприятий и памятка для учащихся выпускных классов «На пороге выбора профессии», «Как молодому человеку преуспеть на рынке труда», содержащая информацию о правильном выборе профессии.

Профконсультант Центра занятости совместно с классными руководителями и психологами проведут классные часы по темам "Развитие народных промыслов Дагестана», «Мой проект развития профессиональной карьеры», «Дербент: история и современность». Также совместно с Управлением образования объявлен Всероссийский конкурс по профессиональному самоопределению «За собой» для учащихся 9-11 классов общеобразовательных организаций.

**Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район»**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254 Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХІадисова Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1486 Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.